# A.SULTANOVTIŃ <<ELIM DEGEN ER EDI...>> SHIǴARMASINDA REPRESSIYA QURBANLARI OBRAZLARINIŃ JASALIWI

**Húrliman Kóptilewova**
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı magistrantı*

**Kalit so‘zlar:** *Allayar Dosnazarov, SSSR, avtonom, chegara, oila*
**Klyuchevie slova:** *Allayar Dosnazarov, SSSR, avtonom, granica, semya*
**Key words:** *Allayar Dosnazarov, SSSR, autonomous, border, family*

Hár bir xalıqtıń, millettiń atın dúnyaǵa tanıtqan márt azamatları boladı. Qaraqalpaq xalqınıń sonıńday jigerbent perzentleriniń biri Allayar Qoraz ulı Dosnazarov edi. Dańqlı babamızdıń mashaqatlı ómir jolı, awır táǵdiri haqqında biz oǵada az biler edik. Sebebi, Moskvada qamaqqa alınıp NKVD nıń ishki izolyatorında gúzet astında saqlaw belgilengen, sońqolına kisen salınıp, 1935-jıldıń 22-aprelinde NKVD nıń Belomor-Baltik kanalı dúzetiw miynet lagerine alıp kelingen onıń hújjetleri kúni keshege shekem qáwipsizlik komitetiniń arxivlerinde oǵada qupiya saqlanıp keldi.

Ǵárezsizliktiń sharapatı menen temir sandıqlardıń qaqpaǵı ashılıp onıń qupiya sırları xalıqqa málim bola basladı.

Alpısbay Sultanovtıń Elim degen er edi shıǵarmasında Allayar Qoraz ulı Dosnazarov mámleketshilikti dúziw jolındaǵı daǵdarıslı táǵdiri haqqında sóz etiledi. Allayar Dosnazarov 1899-jıl 8-dekabrde Qaraózek rayonında tuwılǵan. Ol jaslayınan jallanba jumıs islep, hár qıylı talaplar menen kún keshiredi. Allayar oqıwǵa zeyinli, intalı, tapsırılǵan jumıstı waqtında orınlaytuǵın juwapkershilikli jigit bolıp er jetti. Ol Qaraqalpaqstanǵa Avtonom Respublika statusın alıw ushın jan-táni menen ayanbastan xızmet etti. Biz Qaraqalpaqsatn Respublikası degende sózsiz Allayar babamızdı kóz aldımızǵa keltiremiz. Onıń islep ketken erlik isleri mudamı qálbimiz tórinde saqlanadı.

Allayar Qoraz ulı Moskvadaǵı siezdlerde, májilislerde qatnasıp, shıǵıp sóylep qaraqalpaq xalqına avtonom ataǵın beriw, onıń shegarasın belgilew kerek ekenligin aytadı hám talap etedi. Sonshama urınıwları nátiyjesinde SSSR húkimeti razı boladı. Qasında rus topograf hám kartagraf jigitlerdi alıp shegaranı belgilewge jol aladı. Keń jazıq dalanı, suwsız, shólsiz jerlerdi atlı basıp ótip ne qıyınshılıqlar menen bul maqsetin ámelge asıradı. Kóp jerlerdi hátte adam bende jasamaytuǵın sheksiz dalanlıqlarǵa da ot jaǵıp bul jerde xalıq jasaǵan dep shegaraǵa qosıp alıwǵa tırısadı.

Joqarıda atı kórsetilgen bul shıǵarmada obrazlardıń jasalıwı dóretpeniń kórkemlik jaqtan tásirli, qunlı, qaharmanlardıń oy-keshirmeleriniń anıq, tábiyiy túrde beriliwine túrtki bolǵan. Kórkem obraz jasawda biz ádebiyattanıw ilimizdegi bazı bir elementlerge súyenemiz.

<<Eger ádebiyattanıw ilim bolsa, ol anıqlıqqa qaray umtılıwı shárt. Tap anıqlıqtıń usı talabı ádebiyattanıw iliminiń aldına anaw yaki obiektti úyreniwde anıqlıqtıń dárejesin keltirip shıǵaradı. Bunı biliwdiń úlken áhmiyeti bar, sebebi okeannıń muǵdarın gramm menen, millimetr menen ólshep bolmaydı>>.[1] [ S.Axmetov, Q.Sultanov. <<Ádebiyattanıw>>.Bilim. 1994. 197-bet]

Haqıyqatında da, kórkem ádebiyatta anıqlıq, dál faktler menen súwretlewler júritiw maqsetke muwapıq boladı.

Shıǵarmada Allayar Qoraz ulı Dosnazarovtıń obrazı mámleketlik isker, márdikar, jallanba jumısshı, Qaraqalpaqstanǵa avtonom ataǵın alıp beriwshi jankúyer el perzenti sıpatında beriledi. Ol dáslep jallanba jumısshı retinde, birinshi jer júzlik urıs dáwirinde eriksiz mádikar bolıp isleydi. Oqıwǵa bolǵan qızıǵıwshılıǵı sebepli Moskvada oqıydı. Bir qansha siezdlerde qatnasıp, xalqımızǵa avtonomiya alıp beriw ushın bar kúsh-ǵayratın saladı. Hátteki, rus topograf hám kartograf jigitlerin qasına alıp, qaraqalpaq shegarasın anıq belgilep alıw ushın baradı.

<< Olar Qońırattan shıqqanda quyash arqan boyı kóterilip qaldı. Mine, keń jáziyra Ústirttiń ústinde úsh atlı bolıp kiyatır. Anda-sanda tuslarınan dızaǵaylap ótip ketetuǵın qulan-kiyiklerden, setemshil qoyanlardan basqa heshteńe kózge kórinbeydi. Bul átiraptı mákán etken sharwalar da, kún qıza baslaǵannan Ústirt jiyeginen Aral teńizine qaray túsken kórinedi.>>[2] [ A.Sultanov. <<Elim degen er edi...>> Bilim.2018.72-bet]

Allayardıń qasındaǵı sherikleri ashlıq, suwsızlıq hám túnde ay dalada túnewden qorqıp jumıstı tolıqlay pitirmey qaytıp ketedi. Allayar Dosnazarov artqa sheginbey neshshe kúnlep atlı, jayawlı júrip shegaranı belgilewge tırısadı. Ashlıqtan, suwsızlıqtan dińkesi qurıp awırıp, hálden qaladı. Usılayınsha kimsesiz dalanlıqta onı tawıp, emlewxanaǵa alıp barıp emleydi. Bunnan biz qaharmannıń qaysarlıǵın, aldına qoyǵan maqsetine erisiw ushın hesh nárseden qaytpaytuǵınlıǵın, bir sózli, juwapkershilikli obrazdı kóremiz. Obrazdıń bunday xarakteristkası onıń shıǵarmadaǵı baslı rolin sheship beredi. Ol qaraqalpaq xalqı ushın qandayda bir iygilikli isti basladıma, sol isti orınlaw jolında ayanbay kúsh-jigerin salıp xızmet etedi. Biz bunı shıǵarmanıń bir neshe jerinde kóriwimizge boladı.

Allayar Dosnazarov tek jámiyetlik jumıslarda ǵana belsendi bolıp qalmay, shańaraqta da sadıq ómirlik joldas, miyrimli áke de boldı. Hayalı Zákiyra menen tınısh, tatıw jasap kelmekte edi. Erkin degen tunǵısh qızı altı jasında tosattan qaytıs bolıp qaladı. Keyinshelik Úmit isimli ekinshi qızı dúnyaǵa keledi. Kúnlerdiń kúninde Allayardıń shańaraǵınıń tınıshı buzıladı. Ómirlik joldası Zákiyra Pavel Ivanovich degen rus jigiti menen óz shańaraǵın taslap ketip qaladı. Allayar kishkene qızı menen qaladı. Aradan waqıt ótip qız úlkeygen soń ol da qaytıs boladı. Solay etip, Allayar Dosnazarovtan tuyaq qalmaydı.

<< Moskvada taslap ketken qızın ekinshi eri Pavel Slavinniń járdeminde qayta tapqan Zákiyra endi <<onıń Allayardıń qızı ekenligin hesh kim bilmesin>>, dep 1936-jılı Úmitti – Nadejda Pavlovna Slavina dep qaytadan hújjetlestiredi. 1948-jılı Qońırat

qalasında onınshı klastı tamamlaǵan Nadejda Qızıl Orda pedagogikalıq institutınıń rus tili hám ádebiyatı fakultetin pitkeredi.

Óz teńin tapqan ol ana bolmaqshı edi. Lekin onıń táǵdirine sum ájel tap boladı. 1952-jılı pedinstituttı tabıslı tamamlaǵan Nadejda bala ústinen qaytıs boladı.>>³ [ A.Sultanov. <<Elim degen er edi...>> Bilim.2018.173-bet]

Qaraqalpaqtıń dańqlı perzentiniń ózinen keyin izbasarları qalmaǵanı ashınarlı jaǵday. Ol óziniń ómiri dawamında bar kúsh-ǵayratın eline avtonom statusın alıw jolında jumsadı. Basshılardıń aldına barıp, olarǵa xat jazıp, basqospa májilislerde sózge shıǵıp, xalqınıń jırın jırlap, arın arladı. Oǵan ullı maqset jolında sherik bolıp, qol qanat bolǵan elimizdiń basqa da jankúyer perzentleri bar edi. Olar Qasım Áwezov, Ábiw Qudabaev, Oraz Ermanov hám taǵı basqalar. Olar Allayar babamızdı qoldan kelgenshe qollap-quwatladı. Bular bir-biri menen pikirles hám sáwbetler doslar, aǵa-iniler edi. Hámmesiniń de oylaǵanı Qaraqalpaqstan Avtonomiyalı Respublikasın dúziw edi.

Allayar Qoraz ulı Dosnazarovtıń qamaqqa alınıwına hám jazıqsız jazalanıwına ápiwayı nárseni sebep qılıp aladı. Ol sıltaw boyınsha Allayardıń partshólkemge aǵzalıq gúwalıǵı múddetiniń ótkeninde boldı. NKVD áskeriy otryadı kúnlerdiń birinde tekserip kelip, usını sıltaw etip tergewge alıp ketedi hám bul olar ushın úlken <<qural>> bolıp xızmet etedi. Sońınan kóplegen jalalardı, dóxmetlerdi aytıp ayıpsız ayıpkerge aylandıradı. Tergewshiler ushın ol shın mánide xalıq dushpanı edi. Qanshama urıp soǵıwlar, ǵáremet taslarınıń atılıwına qaramastan Allayar tózimli, óziniń ayıpsızban degen qararınan qaytpaytuǵın qaytpas qara, bir sózli ekenligin kóriwimizge boladı. Lekin, kúshli kúshliligine barıp, oǵan qoyılǵan ayıplawlar alınbay, aqlanbay, bárshe urınıwlar bosqa ketip, eń awır jaza — <<atıw>> jazasına húkim etiledi. Solay etip, qaharman kózi baylanǵan halda ashıq dalada atıladı. Jerlesimizdiń xalqımızǵa islegen islerin áwladlar hesh waqıtta umıtpaydı hám máńgige esinde saqlaydı.

## Ádebiyatlar:

1. A.Sultanov <<Elim degen er edi...>> roman, <<Bilim>> baspası, 2018-jıl

REZYuME

Maqolada Allayar Dosnazarovning qoraqalpoq xalqi uchun qilgan ishlari, avtonom statusin olishga boʻlgan harakatlari va nohaqtan ayblanib, qamoqqa olinganligi haqida soʻz boradi.

REZYuME

V state rassmatrivaetsya rabota Allayara Dosnazarova na blago karakalpakskogo naroda, ego usiliya po poluwcheniyuw avtonomnogo statusa, a takje nespravedlivıe obvineniya i tyuremnoe zaklyuwchenie v otnoshenii nego.

SUMMARY

The article discusses Allayar Dosnazarov's work for the Karakalpak people, his efforts to obtain autonomous status, and his unjust accusations and imprisonment.